УЗЭКЪУЭТМЭ — УЛЪЭЩЩ!

1924 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 12 лъандэрэ къыдокI

# Черкес хэку

№53 (13720)

2022 гъэ, бадзэуэгъуэм (июлым) и 16, щэбэт

Распространяется по подписке

Газета учреждена Народным Собранием (Парламентом) и Правительством Карачаево-Черкесской Республики
Газетыр къыдэзыгъэкIыр Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэмрэ (Парламентымрэ) Правительствэмрэщ

И уасэр соми 3-щ

ЗэгурыIуэныгъэ

## ИпэкIэ зэрызэдэлэжьэнум

**Къэрэшей-Черкесым и Iэтащхьэ Темрезов Рэшидрэ Лъэпкъ Зэныбжьэгъугъэм и Урысей Университетым (РУДН) и ректор Ястребов Олегрэ зэгурыIуащ егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ я къэухьхэм иту зэдэлэжьэну.**

НобэкIэ РУДН-р Урысей Федерацэм и ищхьэ еджапIэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщщ икIи щIалэхэмрэ пщащэхэмрэ щIэныгъэ къарет техникэ, медицинэ, экономикэ, гуманитар кIуэрабгъуэхэмкIэ.

Хэгъуэгум и Iэтащхьэм къызэрыхигъэщамкIэ, Къэрэшей-Черкесым и студентхэр еджэну щыкIуэкIэ, абыхэм РУДН-р нэхъ къыхах, мы ищхьэ еджапIэм щыкуэдщ Къэрэшей-Черкесым къикIа щIалэгъуалэ гупхэр.

Темрезов Рэшид и псалъэхэм къазэрыхэщымкIэ, РУДН-м деж ныбжьыщIэхэм Iэмал ягъуэт я щIэныгъэ хагъэхъуэну, я творческэ лъэкIыныгъэхэм зрагъэузэщIыну. Абыхэм я щIэныгъэхэр IуэхукIэ къыщагъэсэбэпыфынущ щIыдэлъху предприятэ, медицинэ къулыкъущIапIэ нэхъыфIхэм.

Ястребов Олег гу лъитащ Къэрэшей-Черкесым икIахэр фIыуэ зэреджэм, ахэр ищхьэ еджапIэм и жылагъуэ гъащIэм гъерэтыфIэу икIи жыджэру зэрыхэтым.

Темрезов Рэшидрэ РУДН-м и ректорымрэ зэгурыIуащ Къэрэшей-Черкесым и социально-экономикэ лъэныкъуэм мыхьэнэ щызиIэ егъэджэныгъэ, щIэныгъэ кIуэрабгъухэмкIэ нэхъ гъерэтыфIэу зэдэлэжьэну.

— Лъэпкъ проектхэр гъэзэщIэным, туризмэм, промышленностым, мэкъумэш хъызмэтым шэщIауэ зегъэужьыным, узыншагъэр хъумэным пылъ IэнатIэр зыпэщIэхуэ къалэныщIэхэр гъэзэщIэным — а псоми къагъэув республикэм и егъэджэныгъэм и фIагъыр къэIэтыпхъэу, IэщIагъэлIхэр нэхъ псынщIэу зэгъэпэщыпхъэу, — къыхигъэщащ ди хэгъуэгум и Iэтащхьэм.

Лъэныкъуэхэр зэзэгъащ республикэр зыхуэныкъуэ IэщIагъэлI IэпщIэлъапщIэхэр гъэхьэзырынымкIэ зэрызэдэлэжьэнум теухуа зэгурыIуэныгъэм Iэпэ щIадзыну.

**КъЧР-м и Iэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ я пресс-къулыкъу**




Туризм

**Урысейм и туризмэм зегъэужьыным теухуауэ зэхуэс егъэкIуэкIыным ипкъ иту, «Туризмэм и лэжьакIуэхэр гъэхьэзырын» темэмкIэ УФ-м и Къэрал Советым и секретарь Левитин Игорь Москва къалэм щригъэкIуэкIа зэIущIэм КъЧР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид хэтащ.**

## ЛэжьакIуэхэр зэрагъэхьэзырынум

Къэрэшей-Черкес Республикэм гъэ къэс туристу къекIуалIэм и бжыгъэм ику иту процент 15-кIэ хэхъуэ зэригъуэтыр нэрылъагъущ. Нэгъабэ къапщтэмэ, ди хэгъуэгум щыхьэщIащ цIыху мелуан 1,7-рэ.

«Ди гугъэщ адэкIи ди курорт щIыпIэхэм зедгъэужьын. Нобэ ахэр хуэфащэ дыдэу яхэтлъытэ хъунущ дунейпсо лъэщагъ зиIэ куртхэм. Ди республикэм зыщызыгъэпсэхуну къихьэ цIыхухэр кIуэ пэтми нэхъыбэ зэрыхъум дыкъыхуреджэ хэгъуэгу туризмэм пыщIа хуэIухуэщIэхэр нэхъыфI щIыным, иджырей зэманым тегъэпсыхьа туризмэм щылэжьэну цIыху IэпщIэлъапщIэхэр гъэхьэзырыным», — къыхигъэщащ Темрезов Рэшид.

Зы гъи дэмыкIыу, Къэрэшей-Черкесым щыIэ, ику ит щIэныгъэ къыздыщIах еджапIэхэм туризм, хуэIухуэщIэ, хьэщIэгъафIэ IэщIагъэхэм хурагъаджэурэ, нэрыбгэ 200-м щIигъу къыщIагъэкI, ищхьэ щIэныгъэ (бакалавр) яIэу IэщIагъэлI 30 ягъэхьэзыр.

ЗэIущIэм деж хэгъуэгум и Iэтащхьэм и гугъу ищIащ туризмэм и кадрхэр хэгъэхъуэн и лъэныкъуэкIэ лэжьыгъэу щызэфIахым.

«ДэркIэ мы Iуэхум мыхьэнэшхуэ иIэщ, сыту жыпIэмэ, турист щIыпIэхэмрэ абы щIыгъу нэгъуэщI лъэныкъуэхэмрэ лэжьыгъэ щегъэкIуэкIыным — лъэкIыныгъэ къыдет ди цIыхухэр лэжьапIэ IэнатIэкIэ къызэдгъэпэщыну. ХэгъуэгукIуэцI туризмэм щIэупщIэр куэду зэрыщытым икIи курорт щIыпIэхэм зэгъусэу зэрызаужьым тепщIыхьмэ, ар фIыкIэ дызыгъэгугъэ кIуэрабгъуу солъытэ», — щIигъуащ ди хэгъуэгум и Iэтащхьэм.

ЗэIущIэм хэтахэм ягъэнэIуащ къыхэлъхьэныгъэ зэхуэмыдэхэр, туризмэм кадрхэр хуэгъэхьэзырынымкIэ лъэкIыныгъэу яIэр.

**Зыгъэхьэзырар АБЫКЪУ Къамырзэщ**

Спецоперацэ

## ДэIэпыкъуныгъэ

Урысейпсо цIыхубэ фронтым (ОНФ) и «Псори текIуэныгъэм папщIэ» проектым Къэрэшей-Черкесым щыпсэухэр хыхьэу, Луганск, Донецк ЦIыхубэ Республикэхэм я дзэ пакIэхэм хэт зауэлIхэм ядэIэпыкъуну лъэкIыныгъэ яIэщ.

ОНФ-м иригъэжьа проектым и фIыгъэкIэ, псапэ щIэным гукъыдэж хузиIэ дэтхэнэри щхьэхуэ-щхьэхуэу дэIэпыкъуфынущ спецоперацэм хэт зауэлIхэм. Абы теухуауэ **https://pobeda. onf.ru/** сайтым фызыхуейр щивгъуэтэнущ.

**Ди корр.**

ЗэIущIэ

## Iэмалхэр

Къэрэшей-Черкесым и Правительствэм и къыкIэлъыкIуэ зэIущIэм Iуэхуи 9-м щыхэплъащ.

Министрхэм я кабинетым къищтащ Къэрэшей-Черкесым щрагъэкIуэкI инвестиционнэ лэжьыгъэр къэрал Iэмалхэмкlэ гъэгушхуэным теухуа хабзэм и проектыр. Абы къыщыгъэлъэгъуащ инвестиционнэ лэжьыгъэм пылъхэр зэрагъэгушхуэну къэрал Iэмалхэр. ХэгъэщхьэхукIауэ дыкъытеувыIэнщи, инвесторхэм пщэрылъ зыхуащIыжахэр ямыгъэзащIэми, зэрагъэгушхуэ къэрал дэIэпыкъуныгъэр къызэтрагъэувыIэнукъым.

АдэкIэ къащтащ Къэрэшей-Черкесым и щIыналъэм противоэпизоотическэ комиссэ къыщызэгъэпэщыным теухуа унафэм и проектыр.

Комиссэр хуэунэтIащ Iэщым, псэущхьэхэм уз зэрыцIалэ шынагъуэхэр къащыхыхьэм деж абы пэщIэт Iуэхухэр псынщIэу зэрахуэным.

Зэхалъхьащ Къэрэшей-Черкесым и щIыналъэм щылэжьэну противоэпизоотическэ комиссэм хыхьэнухэм я дэфтэрымрэ абы теухуа положенэмрэ.

Абы къинэмыщIауэ, зэхъуэкIыныгъэ халъхьащ Къэрэшей-Черкесым и Правительствэм и унафэ щхьэхуэхэм. Абыхэм ящыщщ «Развитие промышленности, торговли, энергетики и транспорта Карачаево-Черкесской Республики», «Развитие сельского хозяйства Карачаево-Черкесской Республики» къэрал программэхэм ятеухуауэ Къэрэшей-Черкесым и Правительствэм къихьа унафэхэр.

**Зыгъэхьэзырар ПАЩIЭ Хьэдисщ**

**Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и**

***УНАФЭ***

**Къэрэшей-Черкес Республикэм и Правительствэм 2021 гъэм илэжьам къыпэкIуахэм ятеухуауэ**

2021 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 21-м къыдагъэкIа «Об общих принципах организации публичной власти в субъектах Российской Федерации» зи №414 Федеральнэ Хабзэм къызэрыщыгъэлъэгъуам тету, Къэрэшей-Черкес Республикэм и Правительствэм 2021 гъэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм теухуа къэпщытэжыныгъэм, абы щIыгъуу, Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и депутатхэм къабгъэдэкIа къыхэлъхьэныгъэхэмкIэ зэрахьа Iуэхухэм япкъ иту Къэрэшей-Черкес Республикэм и Правительствэм ищIахэм ятеухуа къэпщытэжыныгъэм, Къэрэшей-Черкес Республикэм къызэригъэпэщауэ и щIыналъэм деж щэнхабзэ IэнатIэм, узыншагъэр хъумэным, егъэджэныгъэм, социальнэ къызэгъэпэщыныгъэм хуэIухуэщIэхэр щызэфIигъэкIыну къигъэщIа организацэхэм я лэжьыгъэм и фIагъым теухуа къэпщытэжыныгъэм хэплъэу, а организацэхэм я лэжьыгъэр егъэфIэкIуэным епха Iэмалхэр зэригъэзэхуа нэужь, Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым)

**унафэ ещI:**

1. Iуэхум къыхэлъытэн Къэрэшей-Черкес Республикэм и Правительствэм 2021 гъэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм теухуа къэпщытэжыныгъэр, абы щIыгъуу, Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и депутатхэм къабгъэдэкIа къыхэлъхьэныгъэхэмкIэ зэрахьа Iуэхухэм япкъ иту Къэрэшей-Черкес Республикэм и Правительствэм ищIахэм ятеухуа къэпщытэжыныгъэр, Къэрэшей-Черкес Республикэм къызэригъэпэщауэ и щIыналъэм деж щэнхабзэ IэнатIэм, узыншагъэр хъумэным, егъэджэныгъэм, социальнэ къызэгъэпэщыныгъэм хуэIухуэщIэхэр щызэфIэзыгъэкIыу къигъэщIа организацэхэм я лэжьыгъэм и фIагъым теухуа къэпщытэжыныгъэр, а организацэхэм я лэжьыгъэр егъэфIэкIуэным епха Iэмалхэр.

2. Къэрэшей-Черкесым и Правительствэм чэнджэщ ехьэлIэн лэжьыгъэм и политикэ, социальнэ, экономикэ IэнатIэхэр лъэныкъуэ псомкIи зэманым тегъэпсыхьыным (модернизацэм), республикэм щыпсэу цIыхухэм я гъащIэр егъэфIэкIуэным, егъэджэныгъэм, узыншагъэр хъумэным зегъэужьыным, Къэрэшей-Черкесым и экономикэм и инновационнэ, инвестиционнэ Iыхьэхэр къарукIэ гъэнщIауэ щIэгъэхуэбжьэным, щIыуэпс шынагъуэншагъэм, псэ лъапIагъэхэр (духовность) къызэтегъэнэным, жылагъуэ утыкум илъ щэнхабзэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ гъэбыдэным, хабзэ зэхэтыкIэмрэ цIыхухэм я хуитыныгъэхэмрэ къызэгъэпэщыным хуэунэтIауэ жыжьэ кIуэ гупсысэм (стратегием) дищтэну.

3. Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и къалэн пажэу къэлъытэн Къэрэшей-Черкесым и экономикэр адэкIэ нэхъри узыншэ щIынымрэ ар хэгъэхъуэнымрэ, Къэрэшей-Черкесым щыпсэу цIыхухэм я гъащIэр егъэфIэкIуэным, абыхэм социальнэу ядэIэпыкъуным яхуэунэтIа хабзэ проектхэм елэжьыныр.

4. Унафэр яхуэгъэкIуэн Къэрэшей-Черкес Республикэм и Iэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ.

5. Унафэр хъыбарегъащIэ Iэмалхэм яIэрыгъэхьэн, ар къытрадзэн папщIэ.

6. Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

**ИВАНОВ Александр, Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и тхьэмадэ**

**Черкесск къалэ**
**2022 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 4-м**
**№ 187-рэ**

Къэрэшей-Черкес Республикэр — илъэси 100

## Къэрэшей-Черкесыр — ВДНХ-м

**Урысейм и къалащхьэм иджыблагъэ щызэхэтащ СНГ-м щыпсэу лъэпкъ зэхуэмыдэхэм къадекIуэкI хабзэхэм ятеухуа «Лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэ» фестивалыр. Къэрэшей-Черкесым и илъэси 100-р гъэлъэпIэным ипкъ иту, КъЧР-м Москва къалэм щиIэ къулыкъум и дэIэпыкъуныгъэкIэ ди республикэри а Iуэхум хэтащ.**

ВДНХ-р сыт щыгъуи щытащ СССР-м щыпсэу лъэпкъхэм зэныбжьэгъугъэмрэ зэлъыкъуэтыныгъэмрэ я нэщэнэ нэхъыщхьэу. Къалэкум и аллеер нобы ягъэрагъэубыдащ.



Дауэдапщэм и утыку нэхъыщхьэу щытар «Лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэ» псыутхращ. Абдежым щыт тхыдэ лъэпкъ павильонхэр махуэщIым и дежкIэ псэ зыIут декорацэт.

Фестивалым и программэм темэ зэхуэмыдэхэмкIэ лъэныкъуих къыщагъэлъэгъуащ: «Лъэпкъхэм я щэнхабзэр», «Лъэпкъхэм я хасэр», «ЦIыхубэ IэщIагъэхэр», Лъэпкъхэм я шхыныгъуэхэр», «Лъэпкъхэм я сабийхэр», «Лъэпкъхэм я махуэ лъапIэхэр».

Адыгэ лъэпкъым и хореографие щэнхабзэр нэгъэсауэ утыку ирихьащ уэрэдымрэ къафэмрэкIэ «Iэдииху» ансамблым. Труппэм къищIа «Лъапэлъэф», «Мэздахэ лъэпкъ павильонхэм, абыхэм я курыкупсэм итщ цIыхубэм фIыуэ илъэгъуа «Лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэ» псыутхыр. Лъэпкъ хьэщIэгъафIэм тещIыхьа фестивалыр екIуэкIащ бадзэуэгъуэм (июлым) и 9-10 махуэхэм. Ар хъуащ гукъыдэжыр къэзыIэт, зэгъунэгъугъэ пэжым я гуфIэгъуэ дауэдапщэ.






Фестивалым екIуэлIахэм, къалащхьэм дэсхэмрэ хьэщIэхэмрэ зыщагъэгъуэзащ Урысеймрэ СНГ-мрэ щыпсэу лъэпкъхэм я хабзэхэр: концертхэмрэ шоу-программэхэмрэ, спектаклхэмрэ мастер-классхэмрэ, джэгукIэхэмрэ нэгузыужьхэмрэ, IэщIагъэхэм, пщэфIэным ехьэлIа жармыкIэхэр — а псори фестивалым къызэщIэдэгу адыгэхэм я къафэ» къафэхэр зыгъэувар ансамблым и художественнэ унафэщI Туаршы Iэмирщ.

**Зыгъэхьэзырар ЛЫХЬ Тимурщ**

11 СЕНТЯБРЯ 2022 ЕДИНЫЙ ДЕНЬ ГОЛОСОВАНИЯ

В Единый день голосования, **11 сентября 2022 года**, на территории Карачаево-Черкесской Республики пройдут выборные кампании.

Редакция газеты "Черкес хэку" информирует политические партии и кандидатов — участников выборных кампаний о предоставлении платных услуг по размещению предвыборных агитационных материалов:

1 полоса — 36 руб. за 1 см$^2$, внутренние полосы — 25 руб. за 1см$^2$

Гъуэгухэр

## «Черкесск-Хьэбэз» гъуэгур

«Черкесск-Хьэбэз» автомобиль гъуэгум Архъыз екIуалIэ и Iыхьэм (км 33+000-км 38+000) щыпащэ гъуэгур капитальнэу зэгъэзэхуэжынымкIэ лэжьыгъэхэм.

Мы зэманым гъуэгум и щIыгу щхьэфэр трах.

Километри 5 зи кIыхьагъ гъуэгу Iыхьэр капитальнэу зэгъэзэхуэжынымкIэ лэжьыгъэхэр зэлъэщIагъэхьэнущ мы гъэм и дыгъэгъазэм (декабрым) и 1-м пщIондэ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, мы лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкI «Безопасные и качественные автомобильные дороги» лъэпкъ проектым и къэухьхэм иту.

**ПАЩIЭ Хьэдис**

### ОПЕРАТИВНЭ ШТАБЫМ КЪЕТ:

**Бадзэуэгъуэм (июлым) и 14-м ехъулIэу:**

**2**-м уз зэрыцIалэр къэйуэлIащ

**984**-рэ дунейм ехыжащ

**46137**-рэ сымаджэхэм я бжыгъэщ

**7**-рэ сымаджэщхэм щIэлъщ

**45060**-рэ хъужащ

*Ди гуапэу, ди гумрэ ди псэмрэ къабгъэдэкIыу дыхуохъуахъуэ Къэрэшей-Черкес Республикэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIа, ноби и гуащIэ узыншэр хэгъуэгум хуэзыгъэтIылъ, адыгэ лъэпкъым и нэхъыжь Iумахуэ*

## *УЭЗ Анатолий Хьэлымжан и къуэм*

**къыщалъхуа МахуэмкIэ — илъэс 80 зэрырикъунумкIэ!**

80

*ЦIыхугъэр, пэжагъыр, жэуаплыгъэ иныр уи Iэпэгъущ, республикэм щыпсэу лъэпкъхэми, укъызыхэкIами пщIэ къыпхуащI, уи щIыхьыр ялъытэ. АтIэ, лъэпкъхэм яку зэгурыIуэныгъэ, зэхущытыкIэфI дэлъыным уэ къару мыкIуэщI тебгъэкIуэдащ. Ар зыми щыгъупщэкъым. ЗэхъуэкIыныгъэхэр къэралми ди хэгъуэгуми щекIуэкI зэманым жыджэрагъ, цIыхугъэ, пэжагъ пхэлъу, уи къызэгъэпэщакIуэ зэфIэкIымрэ зэчиймрэ республикэм хуэбгъэтIылъащ. ДяпэкIи уи IуэхуфIхэм пыпщэну дыфхуохъуахъуэ!*

*Уи жьэгу пащхьэр сыт щыгъуи хьэщIэ кIуапIэу, нэмысым, хабзэм я зекIуапIэу, уи узыншагъэр мыкIуэщIу, дэрэжэгъуэ уиIэу, гъащIэм и IэфIыгъэ псори зыхэпщIэу, унагъуэ жьэгур пхъумэу бынми лъэпкъми куэдрэ Тхьэм уащхьэщигъэт! Уи пщIэмрэ уи щIыхьымрэ сыт щыгъуи лъагэу, уи Iэнэгум берычэтыр темыкIыу, уи бынхэмрэ абыхэм я щIэблэхэмрэ я ехъулIэныгъэхэм уригушхуэу, уи цIыхугъэмрэ пэжагъымрэ кIэрымыхуу иджыри куэдрэ дунейм утригъэт!*

**Къэрэшей-Черкес Республикэм и**
**"АДЫГЭ-ХАСЭ - Черкесский Парламент"**
**лъэпкъ жылагъуэ зэщIэхъееныгъэ**



## Сохъуэхъу

*«Кавказ» Упрдор IуэхущIапIэм и унафэщIым и къуэдзэ*

## *УЭЗ Анатолий Хьэлымжан и къуэм*

*и махуэщIымкIэ — илъэс 80 зэрырикъунумкIэ!*

*Уи гуащIэ ин зыхуэбгъэтIылъа, узыпэрыта комсомол, парт, профсоюз лэжьыгъэхэмкIэ Iуэху зэхэщIыкI ин зэбгъэгъуэтащ, зэпэшэча унафэ къэзыхь унафэщI нэхъуса ухъуащ. Уи гъащIэр къыгуэпх мыхъуну еппхащ фIыуэ плъагъу Къэрэшей-Черкесым. УухуакIуэщ, укъэгъэщIакIуэщ, уи псэемыблэж лэжьыгъэр хуэфащэу къэрал нагъыщэ лъагэхэмкIэ, щIыхьыцIэхэмкIэ къыхалъытащ.*

*1990 гъэ хьэлъэхэм Къэрэшей-Черкес Республикэм и Правительствэм и тхьэмадэ IэнатIэ лъагэм упэрыткIэрэ, Урысейм и хэгъуэгу щхьэхуэм и социально-экономическэ зыужьыныгъэм, зэфIэувэныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэпщIащ.*

*Илъэс куэдым зыIэрыбгъэхьа Iуэху зэхэщIыкI иныр нобэ ехъулIэныгъэ хэлъу щыбогъэтIылъ Упрдор IуэхущIапIэм. ПщIэ хузощI уи зэхэщIыкIым, акъыл нэхум, хэкупсагъэм, гу къабзагъэм, укъызыхэкIа лъэпкъым, укъыздэхъуа Къэрэшей-Черкесым узэрыхуэщыпкъэм. Си гум къыбгъэдэкIыу узыншагъэ быдэ, насып, зэIузэпэщыныгъэ ущымыщIэну сынохъуэхъу!*

**ПщIэ къыпхуэзыщI АГЫРБЭ Юрэ,**
**Москва къалэм щыпсэу адыгэхэм я Советым и тхьэмадэ,**
**къэралым и къалащхьэм пщIэ щызиIэ и ветеран,**
**Черкесск къалэм пщIэ щызиIэ и цIыху,**
**экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор**

# ЩIыхь инымрэ пщIэ лъагэмрэ я щапхъэ

***Дэтхэнэ хэгъуэгуми и зыужьыныгъэм уриплъэжмэ, гурыIуэгъуэ пщыхъур зыщ — абы и гъащIэмрэ и къекIуэкIыкIамрэ, тхыдэщIэм зэрыхуэкIуам пыщIа Iуэхугъуэ, щытыкIэ хьэлъэхэм, мыхьэнэшхуэ зиIэхэм цIыху щхьэхуэхэм, жэщи-махуи Хэкумрэ и щIыналъэмрэ ефIэкIуэным псэемыблэжу хуэлэжьахэм я гуащIэ ин хэлъщ. Къэрэшей-Черкесым дежкIэ апхуэдэ цIыхушхуэщ, къэгъэщIакIуэ емышыжщ УЭЗ Анатолий Хьэлымжан и къуэр. Абы бгъэдэлъ Iуэху зэхэщIыкI инымрэ IэщIагъэ IэпщIэлъапщIагъэмрэ лъабжьэ быдэ хуэхъуащ илъэс 50-м щIигъу къэрал, профсоюз, гуащIэдэкI лэжьыгъэм, лэжьакIуэ гупхэм я пашэу, хэгъуэгум и Правительствэм и лIыщхьэу, IуэхущIапIэ лъэрыхьхэм я унафэщIу зэрыщытам.***

***1992 гъэм щыщIэдзауэ илъэси 8-кIэ Къэрэшей-Черкес Республикэм и Правительствэм и тхьэмадэ IэнатIэ лъагэм бгъэдэтащ. Ари къыхэлъытапхъэщи, нобэ илъэс 80 ныбжьым екIуэлIа, республикэм и Правительствэм и япэ тхьэмадэм и юбилей махуэщIыр ирихьэлIащ Къэрэшей-Черкес автоном областыр къызэрагъэщIрэ илъэси 100, республикэ фIэщыгъэцIэр зэригъуэтрэ илъэс 30 зэрырикъум...***

***Латин псалъэжьым: «Созидая, мы творим самих себя» — жеIэ. Мы къыхуеджэныгъэращ и гъащIэр зэриухуэр Уэз Анатолий: гуапагъэ ещIэ, зыбгъэдэт лэжьыгъэм творческэу бгъэдохьэ, нэгъуэщIхэм ялэжь IуэхуфIхэм хуэгъэзауэ фIыщIэ ещI. Колхозхэт къызэрыкIуэу къыщIидзэу республикэм и унафэщI къулыкъу нэхъ инхэм нэзыхуса, и гъащIэм и къегъэжьапIэми, зауэ, зауэ нэужь илъэсхэм техуа и щIалэгъуэм щыгъуи, балигъыпIэм щиувами къэгъэщIыныгъэрат и лэжьыгъэр зыхилъагъуэр.***

***ЖыпIэнурамэ, Уэз Анатолий сыт щыгъуи цIыхуфI хуэщу къекIуэкIащ: апхуэдэхэм уасэ хуащIыфащ щIалэм хэлъ пэжагъым, гуащIэдэкIым фIылъагъуныгъэ ин зэрыхуиIэм, бгъэдэлъ IэщIагъэ IэпщIэлъапщIагъэм, ита псалъэм зэрыхуэпэжымрэ зэрыхуэщыпкъэмрэ, хэлъ цIыхугъэшхуэм. Ар зэи хущIэкъуакъым нагъыщэ лъагэхэр къэлъэщыным. АтIэ, и хэкуэгъухэм къыхуащI пщIэр и ехъулIэныгъэ нэхъыщхьэу ноби къелъытэ.***

***Пэжщ, къэрал утыкум деж къыхамылъытэу къэнакъым Уэз Анатолий и лэжьыгъэм хуиIэ бгъэдыхьэкIэр, сыт хуэдэ Iуэхури фIагъ лъагэ хэлъу зэригъэзащIэр. АтIэ, «Адыгэ Хасэ» лъэпкъ жылагъуэ зэщIэхъееныгъэм и къыхэлъхьэныгъэкIэ, адыгэ лъэпкъым къыхэкIа, пщIэ зиIэ а цIыхушхуэм къыхуагъэфэщащ «Почетный гражданин г. Черкесска» щIыхь лъагэр. Иджыри совет зэманым къэрал управленэм щызригъэгъуэта ехъулIэныгъэ лъагэхэр къыхалъытэкIэрэ, а пIалъэм и нагъыщэ лъагэхэм ящыщу къалъытэ “Знак Почета” орденымкIи и цIэр ираIуащ.***

***УнафэщI нэхъусауэ зыкъэзыгъэлъэгъуа Уэз Анатолий ухуакIуэ IэпщIэлъапщIагъ ин къызыкъуихащ. Абы щыхьэт тохъуэ Уэзым къыхуагъэфэща «Заслуженный строитель Карачаево-Черкесской Республики” щIыхьыцIэ лъагэр. А псоми я щхьэжщ, хэгъуэгум и нагъыщэ нэхъ лъапIэ дыдэр — «За заслуги перед Карачаево-Черкесской Республикой» орденыр — япэ дыдэу зыхуагъэфэщахэм Уэз Анатолий зэращыщыр.***

***Къэрал щIыхьыцIэ, фIэщыгъэцIэ лъагэхэр, жылагъуэм и пащхьэ щиIэ пщIэ иныр Уэз Анатолий къилъэщащ, шэч хэмылъу, и псэемыблэж гуащIэдэкI лэжьыгъэ купщIафIэмкIэ, IэщIагъэ IэпщIэлъапщIагъэкIэ, Къэрэшей-Черкесым и зыужьыныгъэм лъэныкъуэ куэдымкIэ хэлъхьэныгъэ ин зэрыхуищIамкIэ, и гъащIэр зытриухуа Iуэхум хуиIэ фIэщхъуныгъэмкIэ, зыщалъхуа, и псэм хуихь хэгъуэгум хуигъэтIылъ псапэмкIэ, хузэфIих IуэхуфIхэмкIэ. Уэз Анатолий ящыщщ зыщыпсэу къэралым, республикэм, къызыхэкIа лъэпкъым и пщIэмрэ и щIыхьымрэ зыIэтхэм. Апхуэдэщ зыхужаIэр: «ЩIыхь инымрэ пщIэ лъагэмрэ я щапхъэщ».***

## ЗыщIэхъуэпсыр зригъэхъулIэным

Уэз Анатолий 1942 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 17-м къалъхуащ. И сабиигъуэр щигъэкIуащ Хьэбэз районым хыхьэ Малый Зеленчук къуажэм. А зэманыр икъукIэ хьэлъэу щытами, щIалэгъуалэм щIэныгъэфI ягъэгъуэтыныр жылагъуэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэху пажэхэм ящыщт. Абы ипкъ иткIэрэ, къуажэ еджапIэхэр IэпщIэлъапщIагъ ин зыбгъэдэлъ егъэджакIуэфIхэмкIэ къызэгъэпэщат. Абыхэм ящыщт Малый Зеленчук къуажэм дэт курыт еджапIэри. 1950 гъэхэм ищхьэ педагогическэ еджапIэхэр къэзыуха егъэджакIуэ лъэрыхьхэр, щIэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъахэр мы еджапIэм щылэжьащ. Абыхэм еджэным драгъэхьэхыу, езыри ерыщу, щIэныгъэ зэгъэгъуэтыным хуэпабгъэу къэтэджа Анатолий курыт еджапIэр нагъыщэфI защIэкIэ къызэринэкIащ.

Иджыри сабий щIыкIэ ныбжьыщIэр щIэхъуэпст ухуакIуэ IэщIагъэм. Уеблэмэ, класси 9-р къиухыу гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм здэлэжьа еджапIэ бригадэм къыщилэжьа ахъшэмкIэ Малый Зеленчук къуажэм дэт я унэм, пщIантIэм деж псэупIэ цIыкIу щыдищIыхьауэ щытащ.

Курыт еджапIэр къиуха нэужь, щIалэр зыхуеджэну къыхиха IэщIагъэм шэч къытримыхьэж пэтми, и гуращэр зригъэхъулIэныр — Новочеркасск политехническэ институтым и ухуакIуэ факультетым щIыхьэныр, Iуэху хьэлъэ хуэхъуащ. Лъэпощхьэпор Анатолий бгъэдэлъ щIэныгъэм зыкIи епхатэкъым...

Япэрауэ, и анэ Аннэ Семёновнэ и закъуэ къигъэнэну хуейтэкъым. Студент – очник иригъэджэну анэм и пщэм дилъхьэфтэкъым. Арати, еджапIэм къызэрыщIэкIыу Анатолий лэжьапIэ Iухьащ «Путь Ильича» колхозым. Илъэс зыбжанэ текIауэ, 1964 гъэм, и классэгъу ЩакIуэ Рэбихьэт унагъуэ дищIауэ, Анатолий тогушхуэ ищхьэ еджапIэ щIыхьэну. Апщыгъуэми, мазэм зы тхьэмахуэ Новочеркасск щыIэмэ, адрей тхьэмахуищыр Малый Зеленчук щигъакIуэу игъэпсат. Дауэ къемыгугъуэкIми, сессиер «отлично» нагъыщэ защIэкIэ и нэхъыбэм зэфIигъэкIт.

Уэз Анатолий колхоз стипендие къызэрырат хъуам тхыдэ гъэщIэгъуэнышэ иIэщ. АтIэ, колхозым и стипендиат хъуныр псоми яхузэфIэкIтэкъым. А лъэкIыныгъэр зыхуагъэфащэр псэемыблэжу лажьэ, зэчий ин зыбгъэдэлъ колхозхэтхэрат. Гу лъыдмытэ хъункъым а зэманым совет, хъызмэт лэжьыгъэм бгъэдэта, адэ, гъэсакIуэ пэлъытэу щIалэгъуалэ зэчиифIэм ящхьэщыта, ищхьэ щIэныгъэ зрагъэгъуэтыным тезыгъэгушхуа цIыхушхуэхэм. Апхуэдэ IуэхущIакIуэт Совет Союз къэралышхуэм цIэрыIуэ щыхъуа, “Путь Ильича” колхозым и тхьэмадэ Аргун Iэбубэчыр (ПIатIэ). ЕджапIэхэм сыт щыгъуи и нэIэ ятезыгъэт, абы щеджэхэм я ехъулIэныгъэхэм, я къэкIуэнум щыгъуазэ Аргун Iэбубэчыр щыхьэт техъуат бгъэдэлъ щIэныгъэм къыдэкIуэу, Уэз Анатолий гуащIэдэкI лэжьыгъэми псэемыблэжу зэрыпылъым. ИкIи, езым и еплъыкIэ хуиIэт а щIалэ зэчиифIэм и къэкIуэнур зэрыхъунум.

— Ищхьэ еджапIэ сыщIыхьэным хуэгъэза псалъэмакъыр къыщедгъажьэм, Аргун Iэбубэчыр Дадым и къуэм колхозым и конторэмкIэ зигъазэри жиIащ абдеж участковэ сымаджэщ щиухуэн зэримурадыр, икIи сэ дохутыр нэхъыщхьэу сыщылэжьэну къызэрысщыгугъыр.

ПщIэшхуэ зыхуэсщI Аргун Iэбубэчыр куэдрэ къызэпсэлъащ. ИкIэмикIэжым, «Колхоз стипендие щоттынур медицинэ институт ущIыхьэмэщ», — къызжиIащ, — игу къегъэкIыж ди псэлъэгъум.

Арами, Уэзыр къыхутегъэнакъым. Пэжщ, апщыгъуэм Анатолий колхозым къыбгъэдэкIыну финанс дэIэпыкъуныгъэм — стипендием хуабжьу хуэныкъуапэт. ИтIани, и гум ириубыда, и псэр зыхуэпабгъэ IэщIагъэм — инженер - ухуакIуэ хъуным хуеджэным текI иIэтэкъым. Апхуэдэ хьэлщэн хэлът къэкIуэну жыжьэ къызыпэплъэ ныбжьыщIэ ерыщым...

ЖиIа псалъэм щыпкъэу зэрытетыжыр Уэз Анатолий иджыри куэдрэ къигъэлъэгъуэнущ КъЧР-м и къэрал власть къулыкъухэм пэрыткIэрэ.

... ЖытIэнщи, Уэзыр къагъэнакъым колхоз стипендиеншэу. Апщыгъуэми абы хуабжьу къыдэIэпыкъуауэ щытащ колхозым и парткомым и секретарь Балэ Мухьэжыр. Колхозым и тхьэмадэ Аргуным деж ар къыщIэкIыжат гуфIэгъуэ хъыбар IэщIэлъу: Аргун Iэбубэчыр Iэпэ щIидзат Уэзым колхоз стипендие къратыну арэзы зэрытехъуэм.



Сурэтым: щысхэм ящыщщ "Путь Ильича" колхозым и тхьэмадэ Аргун Iэбубэчыр, Малый Зеленчук къуажэ курыт еджапIэм и унафэщI Тамэ Алий. Щытхэр: (етIуанэ сатырым) сэмэгумкIэ етIуанэр - ЩакIуэ Рэбихьэтщ; ижьымкIэ етIуанэр - Уэз Анатолийщ

## КъэкIуэн жыжьэ къызыпэплъэ

1969 гъэм, институтыр къызэзынэкIа, зыщIэхъуэпса инженер - ухуакIуэ IэщIагъэр зэзыгъэгъуэта IэщIагъэрылажьэ ныбжьыщIэр ирагъэблагъэ “Облмежколхозстрой” СМУ-м мастеру. А предприятэм областым ит колхозхэм производствэ хэщIапIэхэр, соцкультбытым епха IуэхущIапIэхэр щиухуэт...

Абдежым Аргун Iэбубэчыр Уэзым къыхуегъэфащэ «Путь Ильича» колхозым и ухуакIуэ участкэм и прораб IэнатIэр. Ауэ, ипэкIэ хуэдэу мыхъуу, Уэз Анатолий апхуэдэ жэрдэмым и гуапэ дыдэу йоувалIэри, а зэманым нэрылъагъуу зызыужь, Аргун ПIатIэ зи унафэщI хъызмэтым инженер-ухуакIуэу щылэжьэну арэзы тохъуэ.

Ауэ зы илъэс фIэкI и IэщIагъэм иримылэжьауэ, пэмыплъагъэххэу Уэзым къэрахьэлIэ жэрдэмыщIэ — комсомолым и Хьэбэз райкомым и япэ секретарь IэнатIэм трагъэхьэну зэрыхуеймкIэ.

— А IэнатIэм сызэрыхуэмейр, зэуэ жысIащ. Си лэжьыгъэр си гум хэпщIауэ, сызэщIищтауэ сылажьэт. — игу къегъэкIыж Уэз Анатолий.

... Республикэм и къэрал IуэхущIакIуэ хъуным къежьапIэ хуэхъуа, уеблэмэ лъабжьэ хуэзыгъэтIылъа а зэпсэлъэныгъэр Анатолий фIы дыдэу ецIыхуж. Зэпсэлъэныгъэр зяку дэкIар партым и Хьэбэз райкомым и япэ секретарь Iэзэ Нарычрэ Уэз Анатолийрэт.

— Iуэху зэхэщIыкI ин зыбгъэдэлъ Iэзэ Нарыч хуабжьу зэгъэуIуауэ, зэхуэгъэкIуауэ ди зэпсэлъэныгъэр иухуэт, комсомол, парт лэжьыгъэм сыхэтын зэрыхуейм иIэ мыхьэнэр тегъэчынауэ гурыIуэгъуэ сщищIт. ЖиIэныр иухри, зы тхьэмахуэ сыгупсысэну къызитащ.

Иужьрей ди зэIущIэм деж жысIащ: “Хьэуэ”. Iэзэ Нарыч си жэуапыр игу къызэреуар нэрылъагъут, уеблэмэ абы къытригъэхьат. Апщыгъуэми, "Уэрыншэуи дызэфIэкIынщ!" — фIэкIа къызжиIакъым.

... Апхуэдэу зэбгъэдэкIыжа пэтми, гъащIэм и ухуапIэ хъунымкIэ лъагъуэм зиукъуэдиягъэххэт. МазитI текIауэ, Аргун Iэбубэчыр и хэпсэлъэныгъэкIэ, аргуэрыжу Анатолий къыщыхутащ партым и Хьэбэз райкомым и япэ секретарым и пэшым.

Нарыч и нэгум къиIуатэт ар зэрыарэзыр. Арами, игъащIэми щымыгъупщэну псалъэмакъ апщыгъуэм яку дэкIащ Нарычрэ Анатолийрэ: «Уэрыншэу дылэжьэн ди гугъати, хъуакъым. Дызэдэлэжьэнщ».

## ЛэжьыгъэкIэ — IэнатIэ лъагэхэм

Iуэху зэхэщIыкI ин зыбгъэдэлъ Аргун ПIатIи, Iэзэ Нарычи щыуакъым Уэз Анатолий Тхьэм къыхилъхьа пашэныгъэ хьэлыр, къызэгъэпэщакIуэ зэчийр хэлът, жылагъуэм зэгурыIуэныгъэ къадэгъуэтыным хуэгъэщIат.

Куэд темыкIыу щIалэ жыджэрым хэлъ а хьэл-щэнхэм гу лъитащ партым и обкомым и япэ секретарь Мураховский Всеволод.

— Зы махуэ гуэрым сыкъриджащ Всеволод Серафимович. Апщыгъуэм Хьэбэз райкомым, комсомолым и обкомым илъэсих хуэдиз сыщылэжьагъэххэт. Мурадышхуэ сиIэт а лэжьыгъэр зэзгъэтIылъэкIыу хъызмэт Iуэхум сыхыхьэну.

... Всеволод Серафимовичрэ сэрэ дяку дэлъа зэпсэлъэныгъэр зыхуэунэтIар партым и обкомым и ухуакIуэ къудамэм и инструктор IэнатIэр къызэрысхуигъэфащэрат.

IэнатIэр ауи сигу ирихьатэкъым, зыкIи сыдишэхатэкъым. Ауэ, си гупсысэхэр зыхуэунэтIар къызыгурыIуа Мураховский жиIащ: “Абдеж куэдрэ ущыIэнукъым”...

КъызэрыщIэкIари аращ. КъыкIэлъыкIуэу, абы къыхуагъэфэщащ Черкесск горкомым промышленностымкIэ, ухуэныгъэмрэ транспортымрэкIэ и къудамэм и унафэщI IэнатIэр.

## Жэуаплыгъэ хэлъу

1978 гъэм Уэз Анатолий трагъэхьэ Адыгэ-Хьэблэ райисполкомым и Iэтащхьэ IэнатIэм икIи абы зэрытета илъэсиплIым къриубыдэу районым жыджэру ухуэныгъэшхуэхэр щрегъэкIуэкI. Яухуэ “Дружба” птицефабрикэр, абы щылажьэхэр зыщыпсэуну унэшхуэр, производствэ, мэкъумэшхъызмэт ухуэныгъэхэр, социальнэ IуэхущIапIэхэр.

Сыт хуэдэ Iуэхуми, къихь унафэми Уэз Анатолий жэуаплыгъэ нэс ихьу зэрыбгъэдыхьэм щыхьэт тохъуэ къыкIэлъыкIуэу къыхуагъэфэща лэжьапIэ IэнатIэм щызэфIихын къыхудэхуа лэжьыгъэшхуэр. АтIэ, область профсоюзхэм я Советым и пашэ щащIам, лэжьапIэншэу къэна дэтхэнэми и гъащIэр езым и IэмыщIэм ирилъхьат. Апщыгъуэм Къэрэшей-Черкесыр Ставрополь крайм хэтти, эксперимент Iэмалу хэгъуэгу пщэрылъхэр зэхагъэкIт. ИкIи, а зэхъуэкIыныгъэхэр езы Анатолий ипкъ къимыкIа пэтми, зэман куэд дыдэ тригъэкIуэдат лэжьапIэ зыфIэкIуэдахэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщыным хуэгъэзауэ.

Дауи, а упщIэ хьэлъэхэр къыщызэринэкIа пIалъэрагъэнщ, Уэзыр лэжьапIэншагъэр IугъэкIуэтыным щIэныгъэ лъабжьэ иIэу щыбгъэдыхьар. 1998 гъэм абы пхигъэкIащ экономикэмкIэ «Становление рынка труда и минимизация безработицы (проблемы теории и региональной практики)» и кандидат диссертацэр.

Уэз Анатолий хэлъ жэуаплыгъэ иным и гъэлъэгъуэныгъэ щыпкъэщ УФ-м и Президентым и хэхыныгъэхэм Владимир Путин дзыхь зыхуищIа, ди хэгъуэгум щыщ IуэхущIакIуэхэм зэрахэтар. Хэхыныгъэхэр зэфIэкIа нэужьи, Президентым и инаугурацэм хэтыну, Кремлёвскэ Дворецым ирагъэблэгъэжат.

## Власть къулыкъум — илъэс хьэлъэхэм

Республикэм и Правительствэм и лIыщхьэ IэнатIэм Уэз Анатолий щытеувар Къэрэшей-Черкесым, къэралым я тхыдэм дежкIэ хьэлъэ дыдэу щыщыта пIалъэращ. КъэралыщIэм къыщекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэр гугъуу къызэгъэпэща хъут: экономикэр зэхэкъутат, инфляцэмрэ лэжьапIэншагъэмрэ я гъэлъэгъуэныгъэхэр лъагэ дыдэт. Къэрэшей-Черкесым деж а зэхъуэкIыныгъэхэр нэхъри нэхъ гугъумыгъужу щекIуэкIт: лъэпкъхэм яку зэгурымыIуэныгъэ дэлът, политическэ къарухэр зэпэщIэтт.

Ди псэлъэгъум гу зэрылъитэмкIэ, къалэн нэхъыщхьэр лъэныкъуэхэр зы еплъыкIэм хуэгъэкIуэныр, зэгурыIуэныгъэм зэдешэлIэнрат. Апщыгъуэрат республикэм щызэфIэт жылагъуэ-политическэ щытыкIэр тынш щыхъужынур.

Уэзыр жыджэру хэлэжьыхьащ хэгъуэгум щыIэ жылагъуэ зэщIэхъееныгъэхэм я пашэхэр, депутатхэр, КъЧР-м и власть къулыкъухэм я унафэщIхэр зыхэта зэпсэлъэныгъэ куэдым, чэнджэщ утыкухэм. ИужькIэ къэлъэгъуащ а зэпсэлъэныгъэхэм къврикIуа щытыкIэфIхэр: лъэпкъхэм «паритет» лъабжьэр яIэу къэрал IэнатIэхэр лъагъэсынымкIэ зэгурыIуат. А зэгурыIуэныгъэхэм я фIыщIэкIэ республикэр а пIалъэм зыхуэныкъуапэ жылагъуэ-политикэ зэпIэзэрытыныгъэр игъуэтат, лъэпкъхэм яку зэхущытыкIэфI щызэфIэуват.

## IэпщIэлъапщIагъыр псом нэхъапэщ

УхуакIуэ IэпщIэлъапщIэ, унафэщI нэхъуса, къызэгъэпэщакIуэ къызэрымыкIуэ Уэз Анатолий, дэтхэнэ лэжьапIэ IэнатIэм дежи, къыдэлэжьэнухэр къызэрыхихыр, а IуэхумкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэу къилъытэр IэщIагъэрылажьэм бгъэдэлъ IэпщIэлъапщIагъращ. Апхуэдэщ зэрыбгъэдыхьар КъЧР-м и Правительствэр щиухуами, федеральнэ автомобиль гъуэгухэмкIэ и Управленэр КъЧР-м къыщагъэщIами. Дауи, къыхэгъэщыпхъэщ, мы предприятэр мылъку, къэрал къулыкъу дэIэпыкъуныгъэ хэмылъу зэрызэфIагъэувар.

— Къэрэшей-Черкесым деж IуэхущIапIэщIэ къызэрыщызэдгъэпэщам и закъуэкъым, пIалъэ кIэщIкIэ абы фIагъ лъагэ зиIэ лэжьыгъэ игъэзащIэу зэфIэдгъэуващ, — гу лъетэ Уэз Анатолий.

Республикэм и гъуэгухэм яхьэлIа Iуэхухэр щэджащэми, Уэзым иIэщ гушхуапIэ нэхъыщхьэ — лъэмыжхэм я ухуэныгъэхэр. Илъэс зыбжанэкIэ узэIэбэкIыжмэ яухуа, къагъэсэбэпын щIадза, Псыжь къуажэмрэ Черкесск къалэмрэ зэпызыщIэ лъэмыжым и гугъу ещI.

— Дауи, республикэм щыпсэухэм ящIэж 2002 гъэм къэкIуауэ щыта псыдзэр. А пIалъэ дыдэм дыухуэт а лъэмыжыр. Гужьеигъуэу псыр уэрт. Лъэмыжыр игъэсыст. Ауэ, сыту гуфIэгъуэшхуэт дэркIэ лъэмыжым зыри къызэрыщымыщIар! Апщыгъуэм гурыIуэгъуэ сщыхъуащ Управленэм и лэжьакIуэхэр IэпщIэлъапщIагъ и лъэныкъуэкIэ зэрынэхъусар, — гушхуэу игу къегъэкIыж Уэз Анатолий.

## Iуэху зэхэщIыкIым — хуэныкъуапэщ

Нобэ лIы ныбжь дахэм нэсами, Уэз Анатолий Iуэхуншэкъым. Сыт щыгъуи хуэмыдэжу, нобэ жыджэрагъ ин хэлъу зызыужь республикэр хуэныкъуапэщ Уэзым зригъэгъуэта Iуэху зэхэщIыкI лъагэм, и щIэныгъэ куум, акъыл нэхум. Нэхъыжь Iумахуэр бгъэдэтщ и псэм фIэфI IэщIагъэм, «Кавказ» Упрдор-м и КъЧР Управленэм и унафэщIым и къуэдзэ IэнатIэм... Уэз Анатолий ящыщщ цIыху зырызыххэм — зи щIэныгъэрэ Iуэху зэхэщIыкIрэ уасэншэхэм.

Анатолий и гъащIэр ухуа зэрыхъуам абы и щхьэгъусэ Рэбихьэт (*Тхьэм ахърэт нэху кърит*) хэлъхьэныгъэ ин хуищIащ. Республикэм фIыщэу къыщацIыхут а бзылъхугъэ гуакIуэр, ноби Уэз Рэбихьэт ящыгъупщэкъым. Ар адыгэ бзылъхугъэ нэсым и щапхъэт: гуакIуэт, акъыл нэху зиIэт, дахэт, зэчиифIэт. Арами, псом нэхърэ нэхъыщхьэу мы бзылъхугъэр адрейхэм къащхьэщызыгъэкIыр — и гъащIэр псоми щхьэузыхь зэрахуищIаращ.

Анэ-адэ хъарзынэхэм: Уэзхэ Анатолийрэ Рэбихьэтрэ гъэсэныгъэ нэс зыхэлъ быныфIхэр зэдапIащ. Я пщащэ Фатимэ — тхыдэ щIэныгъэхэм я докторщ, щIэныгъэ лэжьыгъэ щэ бжыгъэм, тхылъитIым я авторщ.

Я щIалэ Аслъэн и адэм и лъэужьым ирикIуащ: ар щытащ КъЧР-м и Правительствэм и тхьэмадэу. НобэкIэ КъЧР-м и Пенсэ Фондым и унафэщIщ, экономикэ щIэныгъэхэм я докторщ, профессорщ. НэхъыщIэ Мадинэ — илъэс куэдкIэ дохутыр-кардиологыу лэжьащ. ИджыпстукIэ КъЧР-м социальнэ страхованэмкIэ Фондым социальнэ программэхэмкIэ и къудамэм и IэщIагъэрылажьэ нэхъыщхьэщ. Быным къащIэхъуэжащ адэшхуэр зэрыгушхуэ, и гукъыдэжыр къэзыIэт, насып щыгъэ хуэхъу щIэблэ узыншэ.

## ЦIыхум и нэхугъэр

ЦIыху куэд бгъуэтынукъым «ФэрыщI хэлъкъым» зыхужыпIэфыну. Апхуэдэхэр мэпсэу пэжагъыр, цIыхугъэр, гу къабзагъэмрэ хуабагъэмрэ, жэуаплыгъэ иныр къадекIуэкIыу, дунейр тынш, дахэ зэращIыным хущIэкъуу. Мыхьэнэшхуэ иIэщ цIыхум и псэм къыпыкI нэхугъэм, насыпым, жылагъуэм хихьэ, тыгъэ яхуищI гуфIэгъуэм. Апхуэдэ цIыху зырызхэм ящыщщ Уэз Анатолий. Адыгэ лъэпкъым иIэщ щапхъэ хуэхъун щIыхьрэ пщIэрэ.

